



Peryòd aplikasyon pou Kindergarten kòmanse kounye a!

Chè fanmi,

Peryòd aplikasyon pou kindergarten lan kòmanse kounye a! Si w abite nan Vil Nouyòk epi ou gen yon timoun ki fèt an 2021, ou ka aplike pou kindergarten nan dat limit **23 janvye 2026** lan!

Tanpri sonje pou aplikasyon nan kindergarten, se pa timoun ki aplike anpremye k ap jwenn òf anpremye: pa gen avantaj pou aplike bonè, epi n ap trete tout aplikasyon nou resevwa avan delè a selon priorite pou admisyon.

Ou ka aplike nan youn nan twa fason sa yo:

- **Sou entènèt avèk [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)**—Nou rekòmande sa!
 - **Ou deja gen yon kont?** Ou pa bezwen kreye yon nouvo kont, ou ka itilize menm kont la. Si w pa wè pitit ou a sou dashboard ou a, ou ka ajoute yo lè w chwazi “Add a Child” (ajoute timoun).
 - **Ou pa gen yon kont?** [Kreye yon kont jodia](#). W ap itilize MySchools pou chèche lekòl primè, aplike nan kindergarten, epi resevwa lèt òf pitit ou a. Gade videyo eksplikasyon sa yo pou konnen, [kòman pou kreye kont MySchools ou a](#) ak [kòman pou aplike](#).
- **Pa telefòn nan 718-935-2009.** Rele nou lendi rive vandredi, ant 8am-6pm.
- **Kontakte yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC).** Aprann kòman nan schools.nyc.gov/FWC.

Sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib pou nenpòt nan fason ou chwazi pou aplike a.

Sonje, ou ka itilize aplikasyon sa a pou aplike nan tout tip pwogram kindergarten, ladan Kindergarten, Kindergarten pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T), pwogram an de lang (Dual Language, DL) ak pwogram STEM distri 24. Ou ka mete otan pwogram ki enterese w, ladan lekòl ki pa nan zòn ou oswa nan distri w. Elèv ki abite nan zòn lekòl (zoned school) la gen pi gwo priorite pou ale nan zoned school pa yo.

Asire ou mete pwogram yo nan vrè lòd ou pi pito yo a, menm si pwogram yo nan menm lekòl la.

Paegzanp, si w ta pi renmen ale nan pwogram G&T yon lekòl pase lòt pwogram kindergarten lan(yo), ba li pi gwo priorite sou aplikasyon an. Priorite admisyon pitit ou a pa chanje kèlkeswa lòd ou mete chwa yo sou aplikasyon an.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou lekòl ki enterese w lè w ale nan jounen pòt ouvèt (open house) oswa vizit lekòl. Lekòl yo pral bay enfòmasyon sou jounen pòt ouvèt ak dat vizit yo nan [Kalandriye aktivite MySchools](#) la. Ou ka ale tou sou sitwèb yon lekòl oswa kontakte yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Patisipe avèk nou nan youn nan sesyon enfòmasyon vityèl nou yo sou admisyon nan lekòl primè. Pou konn dat yo ak plis detay, ale sou [sitwèb](#) aktivite lekòl primè nou yo. Nan semèn k ap vini yo, n ap voye yon seri mizajou ak rapèl.



Ou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl primè

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten nou an nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis.